

# Retire yon Defo

Reprezante  
Tèt ou nan  
yon  
Degèpisman

## Èske ou te rate dat odyans ou nan tribinal ?

Si w te rate dat odyans lan nan tribinal la pou pwochè degèpisman ou a, tribinal la pral pèmèt pwopriyetè a pou l mete w deyò nan kay la. Men ou ka mande tribinal la pou yon lòt dat odyans. Osito li posib, ranpli fòmilè Mosyon pou Retire Defo ki nan livr sa a epi depoze li.

## Kisa ki rive si m pa vin nan tribinal la pou pwochè a ?

Si w pa asiste odyans pwochè w nan tribinal la oubyen si w rive aprè yo fin rele pwochè a, tribinal la fè yon "jijman defo." Tribinal la pral decide ke se pwopriyetè ou a ki genyen pwochè a paske w pa t asiste odyans pwochè w nan tribinal la. Pwopriyetè ou a ka mete w deyò anviwon 2 semèn aprè dat ou te sipoze parèt nan tribinal la.

## Mande tribinal la pou ba w yon nouvo dat odyans nan tribinal

Ou ka mande yon jij pou retire jijman defo a epi pou l fikse yon lòt dat pou odyans pwochè a nan tribinal la. Ou dwe bay jij la yon bon jistifikasyon pou esplike poukisa w te rate dat odyans lan. Ou dwe gen yon "defans legal" tou ki pou rann li posib pou anpeche degèpisman ou.

Si w pa t depoze yon Repons jiskaprezan, li **Livre 3 : Repons** pou aprann plis konsènan defans jiridik ou gen dwa genyen yo. Aprè sa a, ranpli epi atache fòmilè Repons ou a ansanm ak mosyon sa a.

Eseye depoze **Mosyon pou Retire Jijman Defo** ou a ansanm ak **Repons ou a nan mwens ke 10 jou apati dat odyans tribinal ou te rate a.**

# Kòman pou w retire yon jijman defo

---

## Ranpli fòmilè Mosyon pou Retire Defo a

Itilize zouti anliy ki gratis la, [CourtFormsOnline.org/housing/#nan](https://CourtFormsOnline.org/housing/#nan) pou ede w fin ranpli mosyon sa a.

Oubyen ranpli fòmilè ki nan livre sa a.

Lèt ak chif yo nan direksyon sa a akòde ak sa ki sou fòmilè a.

- a. Ekri non konte w la.
  - b. Kopye non pwopriyetè ou a ki nan fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan.
  - c. Kopye non ou jan li ye nan fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan. Ekri non ou menm jan li afiche sou fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan, menm si li pa korèk. Ou ka mande tribinal la pou ranje nenpòt erè ki genyen apre.
  - d. Kopye non tribinal la jan li ekri sou fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan.
  - e. Ekri Nimewo Dosye a si w konnen li. Nimewo Dosye a se nimewo a ke tribinal la bay pwochè w la. Li gen dwa ekri nan kwen siperyè adwat Demann pou Parèt ak Plent lan. Ou ka mande grefye tribinal la pou l ba ou li.
1. Si w te rate dat odyans ou nan tribinal la epi w :
    - Pa t depoze Repons ou, kwoche bwat la  ki akote : "Pèmèt mwen pou m depoze yon Repons anreta epi pwograme yon lòt dat pou odyans tribinal la" Itilize Livre 3 epi atache Repons ou ak mosyon sa a.
    - Te deja depoze Repons ou a kwoche bwat  ki akote : "Pwograme yon nouvo dat pou odyans pwochè a paske mwen te deja depoze Repons mwen an"
    - Si w ap atache Repons ou ak mosyon sa a kwoche bwat  akote "Mwen ap atache yon kòpi de Repons mwen ansanm ak mosyon sa a."
  2. Kwoche bwat 2 si w ap depoze mosyon w nan mwens ke 10 jou aprè jijman defo a.
  3. Kwoche bwat 3 si w ap depoze mosyon w nan plis ke 10 jou aprè jijman defo a. Si w kwoche bwat sa a, ou pral mande tribinal la pou l kanpe degèpisman an tou jiskaske yo ka ba w yon odyans pou mosyon w lan.
  4. Di tribinal la poukisa w te rate dat odyans ou nan tribinal la. Kwoche yon rezon epi esplike poukisa ou pa t prezan nan tribinal la nan dat ki te fikse pou odyans lan.
  5. Si w p ap atache Repons ou ansanm ak mosyon sa a, itilize langaj ki nan Livre 3 a : Repons lan, pou dekri "bon defans ou kont agiman pwopriyetè a, jan li espesifye pi ba a." Pa egzanp : si w te viv nan move kondisyon epi pwopriyetè ou a te okouran de sa, sa gen dwa yon defans.
  6. Mande grefye a nan tribinal la kilè li ka pwograme yon odyans, epi si sa pral fèt otelefòn, sou Zoom oubyen si sa pral yon odyans prezansyèl. Mande si grefye a pral mete enfòmasyon sa yo nan mosyon an oubyen si se ou menm ki pou fè sa a.
  7. Kwoche bwat ki koresponn ak fason ou konte acheminen mosyon an bay pwopriyetè ou a oswa avoka li a, epi ekri dat ou pral livre l alamen oswa voye l pa lapòs.
  8. Siyen epi ekri non w, adrès ou ak nimewo telefòn ou anba nan fòmilè a.

9. Si w te resevwa yon avi degèpisman nan 48 èdtan nan men yon jandanm oswa yon ajan lapolis, kwoche bwat 9. Kwoche toulede bwat yo epi ekri dat ak lè ou te resevwa avi degèpisman an nan men jandanm nan oswa ajan lapolis la. Lè w vini nan tribinal la ak mosyon sa a, di grefye a, "Mwen ta renmen pale ak yon jij imedyatman anvan jandanm nan mete m deyò nan kay la."

## Ranpli yon fòmilè Repons

---

Si w pòko fè sa a deja, ranpli fòmilè **Repons** nan ki nan **Livre 3 a**.

Repons ou espliche bay tribinal la poukisa yo pa ta dwe mete w deyò epi kisa pwopriyetè ou te fè ki pa t bon. Depoze Repons ou ansanm ak **Mosyon pou Retire yon Defo** sa a.

- Fòmilè **Repons** sa a disponib anliy [MassLegalHelp.org/housing/lt1-booklet-3-answer-haitian-creole.pdf](https://www.mass.gov/info-details/mass-legal-help-creole-translation).
- Oubyen itilize zouti gratis fòmilè Repons anliy ki fèt pa Massachusetts Defense for Eviction (MADE) : [GBLS.org/MADE](https://www.mass.gov/info-details/made)

## Si yo sanlè pral mete w deyò nan kay la, mande pou w pale ak yon jij san pèdi tan !

Si w resevwa yon avi degèpisman 48 èdtan nan men yon jandanm oswa yon ofisye lapolis, mande jij la pou l **Repòte Egzekisyon an** oswa kanpe degèpisman an jiskaske jij la ka tande mosyon w. Kwoche #9 sou Mosyon pou Retire yon Defo a.

## Remèt Mosyon an

Fè 3 kòpi de fòmilè Mosyon pou Retire yon Defo ak fòmilè Repons yo, si w ap atache l. **Pa voye l ansanm ak enstriksyon yo.**

- Depoze fòmilè orijinèl yo oprè de tribinal la osito li posib. Rele grefye a anvan w depoze fòmilè a epi mande yo ki pi bon fason pou fè depo a. Ou kapab :
  - ✓ Livre l nan biwo grefye a fizikman. Si w livre l alamen nan tribinal la, mande tribinal la pou mete tenb dat la sou kòpi pa w la pou w ka gen prèv ke w te depoze l alè.
  - ✓ Voye l bay tribinal la elektwonikman. Itilize sistèm depo vityèl tribinal la oswa rele yo epi mande tribinal la si w ka voye yon imèl ba yo. Sa a se pi bon fason an si w ka fè l !
  - ✓ Si pa gen okenn fason pou w livre l alamen oswa pou w voye l nimerikman aprè w fin pale ak grefye a, ou ka voye l nan lapòs. Men lapòs la pran tan epi w gen yon risk pou yo mete w deyò nan kay la si tribinal la pa resevwa l alè.
- Remèt yon **kòpi** fòmilè ou yo bay avoka pwopriyetè ou oswa pwopriyetè ou. Gade bò dwat fòmilè Demann pou Parèt ak Plent lan. Si gen yon nimewo sou liy "BBO#" ou a, pwopriyetè ou a gen yon avoka. Pou livre yon kòpi, ou ka :
  - ✓ **Livre l alamen** bay avoka pwopriyetè ou oswa pwopriyetè ou.
  - ✓ **Voye l pa imèl. Avoka** pwopriyetè ou a dwe aksepte kòpi ke w voye bay yo pa imèl la. Ou ka jwenn imèl yo a anba nan fòmilè Demann pou Parèt ak Plent nan. Si **pwopriyetè ou pa gen yon avoka**, mande avoka w si yo ka aksepte pou yo resevwa fòmilè ou yo pa imèl. Si yo aksepte **alekri** oswa pa imèl oubyen SMS, ou ka voye l pa imèl. Si pwopriyetè ou la pa dakò, fòk ou voye l ba yo nan yon lòt fason.

- ✓ **Voye l pa telekòpi oswa faks.** Ou ka voye l pa telekòpi oswa faks bay avoka pwopriyetè ou oswa pwopriyetè ou, men sèlman si yo aksepte alekri pou yo resevwa li pa telekòpi oubyen faks. Si yo pa aksepte, fòk ou ta voye l ba yo pa yon lòt fason.
- ✓ **Voye l pa lapòs** si pa gen okenn fason pou w remèt li alamen oswa voye l nimerikman.
- **Konsève yon kòpi** pou tèt pa w. Gade l nan yon espas ki sekirize epi pòte l avè w lè w ale nan tribinal la.

## Prepare pou tribinal la

Li Repons ou a pou w ka sonje defans ak demann rekonvansyonèl ou yo anvan w ale nan tribinal la.

Lè w ale nan tribinal la, vini ak tout papye ki ka ede w pwouve poukisa w te rate dat ou pou parèt nan tribinal la. Pa egzanp, dosye medikal yo ka montre ke w te lopital, oswa ou gen dwa gen yon lèt nan men doktè w la ki di ou pa t ka vwayaje jou sa a. An menm tan tou, vini ak papye epi temwen ki ka ede w pwouve "defans" ak "demann rekonvansyonèl" ou yo. Gade [Livre 3 : Repons lan](#).

Lè grefye a rele pwosè pa w la, di jij la :

- Rezon ki fè w te rate dat pwosè w te fikse pou prezante nan tribinal la. Di jij la ke w gen prèv epi montre yo dokiman w yo.
- "Defans" ak "demann rekonvansyonèl" ki nan **Repons ou a**. Di jij la si w gen prèv oswa temwen avè w.

## Après tribinal la

Si w genyen mosyon w, jij la pral **retire defo a**. Jij la gen dwa :

- Òdòne pou pwosè w la fèt menm jou ak odyans ou pou mosyon w lan, pandan w toujou nan tribinal la.
- Pwogramme odyans pwosè w pou yon lòt jou.

Jij la gen dwa di ke li pral retire defo a si w peye kòb lwaye w la bay tribinal la pandan tribinal la ap tande pwosè w la.

Si w pèdi mosyon w, jij la p ap pèmèt ou gen yon nouvo dat pou odyans pwosè w nan tribinal la. Mande tribinal la pou plis tan pou w demenaje si w bezwen sa a. Gade [Livre 8](#).

## **Enstriksyon pou itilizatè fòmilè ki tradwi yo**

---

Ranpli fòmilè sa a epi apre sa kopye enfòmasyon ou yo nan fòmilè anglè a nan paj 9.

Remèt fòmilè ki ann anglè sèlman bay tribinal la ansanm ak pwopriyetè ou oswa avoka li a.

Kenbe fòmilè Kreyòl ayisyen lan ak yon kòpi fòmilè anglè a pou dosye ou.

### **Ou gen dwa ak yon entèprèt gratis**

Anvan ou ale nan randevou tribinal ou, rele tribinal la epi mande pou biwo Grefye Tribinal la.

Si w pa ka jwenn nimewo telefòn tribinal la sou dokiman tribinal ou genyen an, chache li anliy. Itilize Zouti pou Lokalize yon Tribinal ki nan [mass.gov/courthouse-locator](https://www.mass.gov/courthouse-locator).

Di grefye a ke w bezwen yon entèprèt.

Si w ale nan tribinal la an pèsòn, ou ka montre kat sa a bay grefye tribinal la: [masslegalhelp.org/language-rights/free-interpreter-en-ht.pdf](https://www.masslegalhelp.org/language-rights/free-interpreter-en-ht.pdf)

### **Tribinal yo angaje pou yo sèvi moun ki pale tout lang**

Tout tribinal ki nan eta Massachusetts ta dwe ba w yon entèprèt si w bezwen youn.

Si w pa ka jwenn èd ke w bezwen nan men yon pèsònèl tribinal la oswa yon entèprèt, ou ka depoze yon plent anliy: [macourtsystem.formstack.com/forms/language\\_access\\_complaint](https://macourtsystem.formstack.com/forms/language_access_complaint)



# FÒMILÈ

(Souplè ekri ak karaktè enprimri oswa tape)

## TRIBUNAL PWOSE ETA MASSACHUSETTS

a. \_\_\_\_\_, ss :  
Konte

d. \_\_\_\_\_  
Non Tribinal la

b. \_\_\_\_\_  
Plenyan (yo) - Pwopriyetè (yo)

e. \_\_\_\_\_  
Nimewo Dosye a Pwosesis Rezime a

vs.

### MOSYON POU RETIRE DEFO EPI ANILE JIJMAN AN SELON M.R.C.P. 59 AK / OSWA 60(b)

c. \_\_\_\_\_  
Defandè (yo) - Lokatè (yo)

1. Antanke Lokatè / Defandè a nan pwosè sa a, mwen mande Tribinal sa a pou l retire defo a epi anile jijman an, epi  
 Pèmèt mwen pou m depoze yon Repons anreta epi pwograme yon nouvo dat pou pwosè a oubyen  
 Pwograme yon nouvo odyans pou pwosè a paske Repons mwen te deja depoze a.  
Yon kòpi Repons mwen an  atache /  pa atache (*mete yon sèk sou sa ki korèk la*).
2.  M ap depoze mosyon sa a nan mwens ke 10 jou aprè dat jijman defo a te fèt la epi, selon Règ 59 de Règ Pwosedè Sivil Massachusetts yo epi Règ 4(a) de Règ Pwosedè Apèl Massachusetts yo (pou Tribinal Apèl la) oubyen Règ 4(a) de Tribinal Distri / Minisipal R.A.D.A (pou apèl ki fèt opè de Divizyon Apèl Tribinal Distri a), egzekisyon an repòte otomatikman an.
3.  Mwen pa t depoze mosyon sa a nan yon delè 10 jou aprè jijman defo a te fèt la epi se poutèt sa a, mwen ap mande Tribinal la pou l repòte egzekisyon an jiskaske yon jij ka tandè ka m sou mosyon sa a.
4. Mwen pa t prezan nan dat odyans orijinèl la pou rezon sa a :  
 Erè klerikal     Defo atansyon     Sipriz     Neglijans ki ka eskize     Lòt rezon  
Esplike \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5.  Mwen te deja depoze yon Repons ki esplike defans mwen an.  
 Mwen ap depoze yon Repons pwopoze (ki atache), ki esplike defans / demann rekonvansyonèl mwen yo, epi mwen mande pou l apwouve antanke yon repons ki depoze anreta si mosyon sa a apwouve.  
 Mwen gen yon bon defans kont agiman pwopriyetè a, ki dekri pi ba a.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

6. **Grefye** : Souplè pwograme yon odyans pou mosyon sa a nan \_\_\_\_\_(dat) a \_\_\_\_\_è.

**Pwopriyetè** : Souplè note ke mosyon sa a pral prezante nan lè ki afiche pi wo a.

7. Mwen te  remèt alamen oswa  voye pa lapòs (*kwoche youn*) yon kòpi Mosyon sa a bay pwopriyetè mwen an oswa avoka li a nan \_\_\_\_\_(dat).

8.

\_\_\_\_\_  
Siyati Lokatè a

\_\_\_\_\_  
Siyati Lokatè a

\_\_\_\_\_  
Non Lokatè a (*alekri*)

\_\_\_\_\_  
Non Lokatè a (*alekri*)

\_\_\_\_\_  
Adrès

\_\_\_\_\_  
Adrès

\_\_\_\_\_  
Vil            Eta            Kòd Postal

\_\_\_\_\_  
Vil            Eta            Kòd Postal

\_\_\_\_\_  
Nimewo Telefòn

\_\_\_\_\_  
Nimewo Telefòn

\_\_\_\_\_  
Imèl (si genyen)

\_\_\_\_\_  
Imèl (si genyen)

9. **Mosyon Dijans pou Repòte Egzekisyon an sou yon Baz Tanporè ann Atant yon lòt Odyans**

Mwen te resevwa yon avi ki te di ke yon jandanm oswa yon ajan lapolis pral mete m deyò lakay mwen nan \_\_\_\_\_(dat) a \_\_\_\_\_(lè) epi mwen mande pou Tribinal la òdòne pou kanpe egzekisyon sa a imedyatman ann atant yon odyans ak yon desizyon sou mosyon ki afiche pi wo a pou retire defo a.

\_\_\_\_\_  
Siyati Lokatè a

\_\_\_\_\_  
Non Lokatè a (*alekri*)

\_\_\_\_\_  
Adrès

\_\_\_\_\_  
Vil            Eta            Kòd Postal

\_\_\_\_\_  
Nimewo Telefòn

\_\_\_\_\_  
Imèl (si genyen)

\_\_\_\_\_  
Dat :



# FORM

(Please print or type)

## COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS TRIAL COURT

a. \_\_\_\_\_, ss:  
County

d. \_\_\_\_\_  
Name of Court

b. \_\_\_\_\_  
Plaintiff(s) – Landlord(s)

e. \_\_\_\_\_  
Docket No. Summary Process

vs.

### MOTION TO REMOVE DEFAULT AND VACATE JUDGEMENT UNDER M.R.C.P. 59 AND/OR 60(b)

c. \_\_\_\_\_  
Defendant(s) – Tenants(s)

- As the Tenant/Defendant in this case, I request this Court to remove the default and vacate the judgment, and  
 Permit me to file an Answer late and schedule a new trial or  
 Schedule a new trial because my Answer has already been filed.  
A copy of my Answer  is/  is not (**check one**) attached.
- I am filing this motion within 10 days of the default judgment and, under Rule 59 of the Massachusetts Rules of Civil Procedure and Rule 4(a) of the Massachusetts Rules of Appellate Procedure (for Appeals Court) or Rule 4(a) of the Dist./Mun. Cts. R.A.D.A. (for appeals to the Appellate Division of the District Court), the execution is automatically stayed.
- I have not filed this motion within 10 days of the default judgment and therefore I am asking the Court to stay the execution until I can be heard by the judge on this motion.
- I did not appear at the original hearing for the following reason:  
 Clerical Mistake    Inadvertence    Surprise    Excusable Neglect    Other  
Explain \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- I already filed an Answer which explains my defense.  
 I am filing a proposed Answer (attached), which explains my defenses/counterclaims, and ask that it be approved as a late filed answer if this motion is allowed.  
 I have a good defense to the landlord's case, as specified below.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

6. **Clerk:** Please schedule this motion for a hearing on \_\_\_\_\_ (*date*) at \_\_\_\_\_ o'clock.  
**Landlord:** Please take note that this motion will be heard at the above time.

7. I  delivered or  mailed (*check one*) a copy of this Motion to my landlord or their lawyer  
on \_\_\_\_\_ (*date*).

8.

\_\_\_\_\_  
Signature of Tenant

\_\_\_\_\_  
Signature of Tenant

\_\_\_\_\_  
Tenant's Name (*print*)

\_\_\_\_\_  
Tenant's Name (*print*)

\_\_\_\_\_  
Address

\_\_\_\_\_  
Address

\_\_\_\_\_  
City State Zip

\_\_\_\_\_  
City State Zip

\_\_\_\_\_  
Telephone Number

\_\_\_\_\_  
Telephone Number

\_\_\_\_\_  
Email (if any)

\_\_\_\_\_  
Email (if any)

9. **Emergency Motion for Temporary Stay of Execution  
Pending Further Hearing**

I received a notice that a constable or sheriff will move me from my home on  
\_\_\_\_\_ (*date*) at \_\_\_\_\_ (*time*) and I request that the Court  
immediately stay issuance or use of execution pending a hearing and decision on the above  
motion to remove the default.

\_\_\_\_\_  
Signature of Tenant

\_\_\_\_\_  
Tenant's Name (*print*)

\_\_\_\_\_  
Address

\_\_\_\_\_  
City State Zip

\_\_\_\_\_  
Telephone Number

\_\_\_\_\_  
Email (if any)

Date: \_\_\_\_\_